

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nyaéta léngkah panalungtik pikeun ngumpulkeun data, nganalisis data, napsirkeun data, sarta dipungkas ku nyieun kacindekkan tina hasil panalungtikan. Nurutkeun Syafri Harahap, métode dina lingkup panalungtikan nyaéta bagian tina métodologi anu aya pakaitna jeung téhnik atawa alat pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis data (Rahmadi, 2011 kc. 7). Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta déskriptif kalawan pamarekan kualitatif. Métode déskriptif méré gambaran sacara sistimatis, sarta digunakeun pikeun ngadéskripsikeun masalah anu karandapan. Pamarekan kualitatif nurutkeun Sugiyono (2019 kc. 17), sering disebut panalungtikan *naturalistik*, lantaran larapna ieu panalungtikan dina kondisi *alamiah*. Pamarekan kualitatif disebut ogé *etnographi*, lantaran mimiti digunakeunna pikeun nalungtik antropologi budaya. Ieu métode disebut ogé métode artistik, lantaran prosés panalungtikanna kurang *terpola*, aya ogé anu nyebutkeun métode *interpretive* lantaran data hasil panalungtikanna dumasar kana kamampuh pikeun ngainterpretasi data anu nyampak di lapangan. Ieu métode disebut kualitatif lantaran data anu dikumpulkeun jeung analisisna miboga sipat kualitatif (Sugiyono, 2019 kc. 16).

3.1 Désain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013 kc. 90) désain panalungtikan nyaéta rarancang atawa gambaran ngeunaan léngkah-léngkah anu rék dilaksanakeun nalika lumangsungna panalungtikan. Ayana désain panalungtikan, sangkan panalungtikan bisa tetep aya dina galurna, henteu méngpar jauh tina udagan. Ieu hal ogé bisa ngababarikeun dina migawé pagawéan nalika prungna panalungtikan di lapangan.

Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan, kagambar saperti dina bagan 3.1.



Bagan 3.1
Désain Panalungtikan

3.1.1 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah *Dua Puluh Lima Rupa Maksud Salamet* anu eusina téks puisi mantra, do'a, puisi sawér, jeung palintangan. Basa anu dipaké, nyaéta basa Sunda, Cirebon jeung Arab, kalawan ditulis dina aksara Latén jeung Pégon, kandelna naskah aya 46 kaca. Téks anu ditulis maké aksara Latén, aya dina kaca anu panghareupna, ngahiji jeung judul naskah, tapi hanjakal téksna teu bisa kabaca, ieu dilantarankeun ku warna keretasna anu geus

Moch. Idwar Fauzan, 2022

TRANSLITERASI JEUNG AJÉN BUDAYA DINA NASKAH DUA PULUH LIMA RUPA MAKSUD SALAMET

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

suub. Téks anu teu bisa dibaca, satuluyna bakal ditulis titik-titik (...). Dina sawatara eusi naskah aya téks anu teu katuliskeun judulna, ku kituna éta téks bakal dibéré judul pikeun ngababarikeun dina prosés panalungtikanna. Ieu panalungtikan ngawengku transliterasi, tarjamahan, jeung maluruh ajén budaya anu nyangkaruk dina eusi naskah. Ieu naskah dipimilik ku Abah Iid/Ica anu padumukanna di Kampung Legok Picung, RT/RW 17/04, Désa Pamekaran, Kacamatan Rancakalong, Kabupatén Sumedang. Nurutkeun Bah Iid, ieu naskah mangrupa turunan ti bapana.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké pikeun nyusun ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data panalungtikan miboga téhnik anu tangtu, nyaéta ngaliwatan téhnik studi pustaka, wawancara, jeung téhnik dokuméntasi. Wawancara dilakukeun ka nu boga naskah, pikeun ngaguar raratan naskahna. Studi pustaka dilakukeun pikeun néangan tiori-tiori (transliterasi, mantra, sawér, palintangan, jeung ajén budaya) anu dipikabutuh dina nyusun ieu panalungtikan. Téhnik dokuméntasi dilakukeun pikeun medar eusi naskah, carana bisa dipoto, ditulis, atawa *discan*.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data geus kakumpul, satuluyna data téh diolah ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung nyaéta kana ajén budaya anu nyampak dina eusi naskah. Tata cara nganalisisna saperti kieu:

- 1) ngadéskripsikeun naskah Mantra, Sawér, jeung Palintanga;
- 2) nyusun hasil transliterasi naskah Mantra, Sawér, jeung Palintangan;
- 3) medar tur nganalisis ajén budaya anu nyampak dina eusi naskah Mantra, Sawér, jeung Palintangan.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Dina ngalakonan wawancara tangtuna baé kudu miboga padoman, sangkan wawancara tetep aya dina galur, henteu méngpar kamana baé. Ieu di handap mangrupa padoman anu digunakeun nalika lumangsungna wawancara.

Tabél 3.1
Padoman Wawancara

Raratan Naskah	
1. Judul Naskah	
a.	Nurutkeun anu boga naskah:
b.	Nurutkeun anu katulis dina naskah:
2. Anu Ngarang Naskah	
a.	Wasta:
b.	Umur:
c.	Pakasaban:
d.	Padumukan:
e.	Kalungguhan:
3. Anu Boga Naskah	
a.	Wasta:
b.	Umur:
c.	Pakasaban:
d.	Padumukan:
e.	Kalungguhan:
4. Asal-usul Naskah:	
5. Fungsi Naskah	
a.	Baheula:
b.	Ayeuna:
6. Alat Tulis	
a.	Jenis alat tulis:
b.	Mangsi:

Kartu data dipaké pikeun ngababarikeun dina ngaguar ajén budaya anu nyangkaruk dina eusi naskah. Kartu datana saperti kieu.

Tabél 3.2
Kartu Data Ajén Budaya

Ajén Budaya dina Mantra	
Kaca:	
Ngaran Mantra:	
Téks Mantra:	
Ajén Budaya:	

Tabél 3.3
Kartu Data Ajén Budaya dina Do'a

Ajen Budaya dina Do'a
Kaca:
Ngaran Do'a:
Téks Do'a:
Ajén Budaya:

Tabél 3.4
Kartu Data Ajén Budaya dina Sawér

Ajen Budaya dina Sawér
Kaca:
Ngaran Sawér:
Sempalan Téks:
Pada :
Ajén Budaya:

Tabél 3.5
Kartu Data Ajén Budaya dina Palintangan

Ajen Budaya dina Palintangan
Kaca:
Palintangan:
Téks Palintangan:
Ajén Budaya:

Keterangan:

- 1) kaca, dumasar kana naskah.
- 2) ajén budaya dumasar kana tiori Kluckhohn, anu ngabagi jadi lima ajén budaya (MH, MK, MW, MA, MM).
- 3) sempalan téks anu aya patalina jeung ajén budaya.
- 4) pada dipaké husus dina nalungtik téks sawér anu eusina nyangkaruk ajén budaya.
- 5) ngaran mantra, mangrupa judul mantra anu ditalungtik.
- 6) ngaran sawér, magrupa sawér anu ditalungtik.
- 7) palintangan, mangrupa jenis palintanganana.